

SEKSYON 1

ENTWODIKSYON

Seksyon sa a Konsène

- **Kamyon Komèsyal yo (Commercial Motor Vehicles, CMV)**
- **Kategori Lisans Chofè Komèsyal (Commercial Driver License, CDL) ak Pèmi Apranti Chofè Komèsyal (Commercial Learner Permit, CLP), Anotasyon ak Restriksyon**
- **Kondisyon pou Gen Lisans Chofè Komèsyal ak Pèmi Apranti Chofè Komèsyal**
- **Tès Lisans Chofè Komèsyal**
- **Lòt Egzijans Pou Chofè Otobis**
- **Diskalifikasyon Chofè**
- **Lòt Règ konsènan CDL**
- **Plan Anrejistreman Entènasyonal ak Akò Entènasyonal pou Taks sou Konbistib**

1.1 – Kamyon Komèsyal (CMV)

Ou dwe gen yon Lisans Chofè Komèsyal pou opere nenpòt nan CMV ki endike anba la yo:

- Nenpòt veyikil senp ki gen yon pwa nominal brit veyikil (GVWR) 26,001 liv oswa plis.
- Yon machin k ap rale yon remòk ki gen yon GVWR ki plis pase 10 000 pounds si konbinezon pwa total k ap evalye (GCWR) a se 26 001 pounds oswa pi plis. GCWR se inite puisans GVWR plis GVWR chak trelè yo mete ansanm.
- Yon veyikil ki deziyen pou pote 15 pasaje oswa plis (sof chofè a) oswa yon veyikil ki defini kòm yon otobis dapre Atik 19-A, Seksyon 509-a Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon Machin [Vehicle and Traffic Law (VTL)] Eta New York.
- Yon machin ki modifie souvan yo rele yon "limouzin detire" ki te modifie pou pote 9 pasaje oswa plis, ak chofè a ladan.
- Nenpòt gwosè veyikil ki bezwen afich avètisman pou materyèl danjere oswa ki pote materyèl yo konsidere kòm yon ajan oswa toksin privileje nan 42 CFR pati 73. Règleman federal nan Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security) egzije yon verifikasiyon dosye kriminèl ou ak anprend pou anotasyon Materyèl Danjere.

EGZANPSYON

Chofè veyikil ki endike anba la yo ki satisfè definisiyon yon CMV gen egzanpsyon nan egzijans pou CDL:

- Yon veyikil yon kiltivatè posede epi kontwole ki gen yon GVWR ki pi plis pase 26,000 liv epi ki sèvi pou pote pwodui agrikòl, ekipman agrikilti, oswa pwodui agrikòl sou yon distans 150 mil avèk bitasyon agrikòl la
- Ekipman konstriksyon amotè pou wout ki pa asfalte tankou gratwa (scraper), pèl mekanik, gredè, konpaktè, traktè, tranchè, bouldozè ak machin pou leve bagay lou pou antretyen ray tren egzante lè yo itilize yo sou yon chantye ki pa aksesib pou publik la oswa lè yo itilize yo sou yon wout publik ki disponib pou deplasman publik san restriksyon sou yon distans limite nan yon vitès ki mwens ke vitès ki otorize sou otowout, akondisyon yo pa itilize ekipman an pou fè transpò. Lè veyikil sa yo sikile yon lè konsa sou yon wout publik pou yo rive nan yon chantye oswa pou kite yon chantye, veyikil eskòt dwe akonpaye yo oswa nan yon lòt fason ki separe ak trafik publik la.
- Veyikil ponpye ak veyikil lapolis ki travay nan operasyon ijans nan Eta New York
- Veyikil militè oswa veyikil konbine manm fòs lame opere
- Veyikil pèsonèl (tankou veyikil lokasyon ki gen apeprè yon GVWR 26,000 liv) lè yo opere li sèlman pou pote byen pèsonèl oswa manm fanmi pou rezon ki pa komèsyal.

Seksyon 1 ENTWODIKSYON

Figi 1.1 DESKRIPSYON KATEGORI CDL ETA NEW YORK

Kategori Lisans (Laj Minimòm)	Kalite Veyikil la	Deskripsyon Veyikil la	Kòd Anotasyon
A (21) (18 - Pa gen komès avèk lòt eta. Pa kapab ni pote materyèl danjere ni opere yon otobis tekòl.)	Melan- tankou trakté-trelé oswa kamyon-trelé	<ul style="list-style-type: none"> Klasman pwa brit melanj (Gross combination weight rating, GCWR) plis pase 26,000 liv depi klasman pwa brit melanj, oswa GCWR veyikil (yo) yo remòke a peze pi plis pase 10,000 liv. 	H**, M, N, P, S, T, W, X** Pèmi pou Apranti Chofè Komèsyal Ki la sèlman pou: M, N, P, S, W
B (21) (18 - Pa gen komès avèk lòt eta. Pa kapab ni pote materyèl danjere ni opere yon otobis tekòl.)	Senp- tankou kamyon pwa lou oswa otobis ki gen inite senp	<ul style="list-style-type: none"> GVWR ki peze plis pase 26,000 liv (Kategori B ka remòke veyikil ki gen yon GVWR 10,000 liv oswa mwens, oswa yo ka remòke yon veyikil ki peze plis pase 10,000 liv si GCWR pa plis pase 26,000 liv.) 	H**, M, N, P, S, W, X** Pèmi pou Apranti Chofè Komèsyal Ki la sèlman pou: M, N, P, S, W
C (21) (18 - Pa gen komès avèk lòt eta. Pa kapab ni pote materyèl danjere ni opere yon otobis tekòl.)	Senp- tankou kamyon, bis, oswa limouzin detire ***	<ul style="list-style-type: none"> GVWR 26,000 liv oswa mwens ki: <ul style="list-style-type: none"> Pote 15 pasaje oswa plis; OSWA Pote pasaje anba Atik 19-A Lwa V&T; OSWA Limouzin detire ****, OSWA Pote Materyèl Danjere (Kategori C ka remòke veyikil ki gen yon GVWR 10,000 liv oswa mwens, oswa li ka remòke yon veyikil ki peze plis pase 10,000 liv depi GCWR pa depase 26,000 liv.) 	H**, M, N, P, S, W, X**

NÔT: Tout klas lisans yo ka gen lejann oswa yo disponib kòm "Enhanced" (Amelyore), ki pa chanje privilèj yon Moun pou kondi (ale nan MV-44).

* Ka gen restriksyon sou lisans kadè.

** Gade Manyèl HAZMAT (CDL-11) pou jwenn kondisyon yo.

*** Moun ki aplike ki vle anotasyon Farm (F)(G) ak/oswa Tow Truck (W) ap kontinye resevwa yon lisans C ki pa CDL pou moman an.

**** Yon machin ki modifie souvan yo rele yon "limouzin detire" ki te modifie pou gen nèf (9) plas oswa plis ak chofè a ladan.

Figi 1.2 ANOTASYON ETA NEW YORK

F	Veyikil Agrikòl Kategori A	R	GVWR Veyikil Lwazi ki peze plis pase 26,000 liv
G	Veyikil Agrikòl Kategori B	S	Otobis Lekòl
H	Sibstans Danjere	T	Doub/Trip
M	Bobin Metalik	W	Kamyon Remòkè
N	Veyikil Tank	X	Tank/Pwodui Danjere
P	Transpò Pasaje		

Figi 1.3 RESTRIKSYON ETA NEW YORK

Restriksyon sou lisans lan eksplike limit ou pou kondi. Kòd restriksyon sou lisans lan enprime devan lisans ou sou liy ki anba "Dat ekspirasyon" al Espas Anotasyon "E", apre lèt "R". Yon deskripsyon nenpòt restriksyon ou genyen enprime dèyè dokiman lisans ki gen foto ou:

A . . . Akselerasyon Agoch Fren

A1 . . . Vizitè pou yon Ti Tan

A2 . . . Chofè ki Gen Pwoblèm ★

A3 . . . Egzante pou Sétifika Medikal ★★

A4 . . . Aparèy Anti-Demarè ★★★★

B . . . Lanty Koreksyon

C . . . Éd Mekanik

D . . . Aparèy Pwostetik

E . . . Pa Gen CMV ki Gen Transmision Manyèl ★★

E1 . . . Transmision Olomatik

F . . . Retwovizè Deyò

F1 . . . Aparèy pou Tande oswa Retwovizè ki Bay Anpil Vizibile

G . . . Pou Kondi Lajounen Sèlman

I . . . MAKS 40 MPH pou Oto ki Gen Itilizasyon Limite

I1 . . . MAKS 40 MPH pou MCY ki Gen Itilizasyon Limite ★★★★

I2 . . . MAKS 30 MPH pou MCY ki Gen Itilizasyon Limite ★★★★

I3 . . . MAKS 20 MPH pou MCY ki Gen Itilizasyon Limite ★★★★

I4 . . . MC ki Gen Twa Wou Y ★★★★

K . . . CDL pou Eta a Sèlman ★★

(Pa gen operasyon deyò NYS pou komès)

L . . . Pa gen CMV ki gen Fren-a-lè ★★

M . . . Pa gen VEH ki gen Pasaje Kategori A ★★

N . . . Pa gen VEH ki gen Pasaje Kategori A ak B ★★

N1 . . . Okenn Veyikil pa Deziyen pou 15 oswa plis Pasaje Adilt ★★

N2 . . . Okenn Veyikil pa Deziyen pou 8 oswa plis Pasaje Adilt ★★

O . . . Entèdiksyon pou Trakté/Trelé CMV ★★

O1 . . . Entèdiksyon pou Treli Trakté CMV/Kamyon ki Pa Peze Plis Pase 26,000 GVWR ★★

P . . . Pa Gen Pasaje nan Otobis CMV ★★★

P1 . . . Fren Mekanik

Q . . . Sèvo-Direksyon

R . . . Syèj/Pedal/Soulye Bati

S1 . . . Sèlman Bis Lekòl ★★

U . . . Fren ki Operè Alamen

V . . . Diferans Medikal ★★

V1 . . . Anbreyaj ki Operè avèk Pye

X . . . Entèdiksyon pou Gen Chajman nan Veyikil Tank CMV ★★★

X1 . . . Kontwòl Alamen Nèt

Y . . . Itilizasyon Hanè Sekirite

Z . . . Pa gen CMV ki gen Fren-a-lè Nèt ★★

Z1 . . . Lansè Wou

4 . . . Lanty Teleskopik 4

5 . . . Pa Gen Wout ki Gen Aksè Limite

★ Kategori D Sèlman

★★ Kategori Komèsyal Sèlman

★★★ Pèmi pou Apranti Chofè Komèsyal Sèlman

★★★★ Kategori Motosiklèt Sèlman

★★★★★ Anti-demarè a pa obligatwa nan yon veyikil-a-motè ki pou patwon moun ki gen lisans lan si yo itilize veyikil la pou fè travay moun ki gen lisans lan. Patwon an dwe dakò pou moun ki gen lisans lan itilize veyikil la san aparèy la.

1.2 – Kategori Lisans Chofè Komèsyal ak Pèmi Apranti Chofè Komèsyal, Anotasyon ak Restriksyon

Kategori CDL ak CLP, anotasyon ak restriksyon yo baze sou kalite CMV yo kondi a. Nou detèmine kalite CMV a selon GVWR manifakti veyikil la (pou veyikil senp yo) oswa GCWR (pou veyikil konbina), konstwiksyon oswa itilizasyon. (dapre NYS VTL, klasman pwa CMV yo baze sou **pi gwo pwa** ki endike anba la yo: GVWR oswa GCWR manifakti a, pwa veyikil la (yo) nan moman anrejistreman an, oswa vrè pwa veyikil la (yo) ak chajman an.) Kategori CLP/CDL, anotasyon ak restriksyon, poutèt sa, yo koresponn avèk pwa, konstwiksyon oswa itilizasyon kamyon an, jan sa endike nan Figi 1.1, 1.2 ak 1.3 ki nan paj 1-2.

1.3 – Kondisyon pou Gen Lisans Chofè Komèsyal ak Pèmi Apranti Chofè Komèsyal

Kritè pou bay lisans pou chofè Eta New York respekte lwa federal ki gen pou wè ak lisans chofè komèsyal ak pèmi apranti chofè komèsyal. Pou resevwa yon CDL oswa CLP NYS, ou dwe satisfè kritè ak kondisyon ki endike anba la yo:

1.3.1 – Kondisyon pou Prezans Legal

Sitwayen Ameriken ak Rezidan Pèmanan Legal yo dwe bay prèv sitwayènte yo oswa Rezidans Pèmanan Legal san restriksyon yo nan yon biwo DMV. Lè ou satisfè kondisyon sa a nan yon biwo DMV, ou p a gen obligasyon pou pwouve sitiyasyon legal ou ankò. Moun ki aplike epi ki soti nan yon jiridiksyon peyi etranje dwe bay prèv prezans legal yo nan yon biwo DMV pou chak tranzaksyon. Tanpri ale nan fòm ID-44CDL pou jwenn yon lis tout dokiman ou ka remèt kòm prèv sitwayènte Etazini, Rezidans Pèmanan Legal, oswa prezans legal pou yon ti tan.

1.3.2 – Egzijans konsènan Rezidans

Ou dwe ap viv nan Eta New York pou nou ba ou yon CLP oswa CDL NYS. Yon prèv ki montre adrès obligatwa pou aplike, transfere, renouvele, ak modifie CLP/CDL ou. Tanpri ale nan fòm ID-44CDL pou jwenn yon lis tout dokiman ou ka remèt kòm prèv ki montre w ap viv nan Eta New York.

Yon chofè ki gen yon CDL yo ba li nan yon lòt jiridiksyon epi ki vini abite nan New York dwe aplike pou yon CDL NYS nan 30 jou apre li detèmine kote I ap viv la. Yon moun ki fèk vin viv nan Eta a ka aplike pou chanje yon CDL li te resevwa nan yon lòt jiridiksyon pou yon CDL Eta New York (resipwosite). *Men, pou kenbe yon anotasyon pou Materyèl Danjere [Hazardous Material (HazMat)], ou dwe peye frè pou tès la, ou dwe pran epi pase tès konesans alekri sou HazMat (yon nòt 80% obligatwa pou pase tès la), ou dwe peye pou yon ankèt sou dosye kriminèl, epitou ou dwe pase ankèt la. (Gade Seksyon 9, Materyèl Danjere.)*

1.3.3 – Egzijans konsènan Laj

Klas A, B ak C – Ou dwe gen omwen laj **18** tan, *men si ou pokon gen laj 21 ane, ou kapab kondi yon CMV sèlman pou komès andedaneta a (andedan Eta New York), ou pa kapab pote elèv nan yon otobis lekòl, epitou ou pa kapab pote materyèl danjere.*

1.3.4 – Egzijans konsènan Lang

Ou dwe kapab li epi pale lang Anglè ase byen pou:

- fè konvèrsasyon avèk lòt moun,
- konprann pano ak siyal sikilasyon machin nan otowout ki ekri nan lang Anglè,
- reponn kesyon ofisyèl yo,
- antre done nan rapò ak dosye, epi
- pran tès konpetans jan sa obligatwa pou resevwa CDL ou

1.3.5 – Egzijans pou Oto-Sètifikasyon

Règleman Administrasyon Federal Sekirite Konpayi Transpò (Federal Motor Carrier Safety Administration, FMCSA) egzije tout moun ki gen CLP oswa CDL nan Eta New York pou yo konfime avèk Depatman Veykil-a-Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) pou kalite operasyon komèsyal y ap fè oswa yo espere fè. Tout moun ki gen CLP oswa CDL dwe konfime pou youn nan kat (4) kategori ki endike nan Figi 1-4, (Oto-Konfirmasyon Pratik Kondi), anvan yo resevwa modifikasyon, oswa renouvèlman yon CLP oswa yon CDL. Answit, selon pou ki kalite pratik kondi ou oto-sètifye, ou ka gen sèten egzijans medikal ki aplike pou ou. Ou kapab jwenn yon eksplikasyon egzijans medikal yo nan seksyon 1.3.6.

<p>ENTÈ-ETA KI PA NAN EKSEPSYON (NON-EXCEPTED INTERSTATE, NI)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou dwe gen laj 21 ane oswa plis • Ou pa dwe gen yon restriksyon K oswa A3 • Chofè ki gen CDL ki gen yon Diferan Sètifika Medikal dwe gen restriksyon V • Chofè ki gen CDL ki gen yon Anotasyon H oswa X ka chwazi kalite pratik kondi sa a • Dènye Sètifika Doktè Lejis USDOT <u>obligatwa</u> 	<p>ENTÈ-ETA KI EKSEPTE* (EXCEPTED* INTERSTATE, EI)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou dwe gen laj 18 ane oswa plis • Ou dwe angaje sèlman nan “Operasyon ki Eksepte” • Ou dwe gen yon restriksyon A3 • Ou pa dwe gen yon restriksyon K oswa V • Ou pa dwe gen yon anotasyon H oswa X • Sètifika Doktè Lejis <u>Pa obligatwa</u> <p>* Gade seksyon 1.3.6 pou kalite pratik kondi ki eksepte</p>
<p>ANDEDAN ETA KI PA EKSEPTE (NON-EXCEPTED INTRASTATE, NA)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou dwe gen laj 18 ane oswa plis • Ou dwe gen yon restriksyon K • Ou pa dwe gen yon restriksyon A3 • Chofè ki gen CDL ki gen yon Diferan Sètifika Medikal dwe gen restriksyon V • Chofè ki gen CDL <u>ki gen laj 21 ane oswa plis</u> epi ki gen yon Anotasyon H oswa X ka chwazi kalite pratik kondi sa a • Dènye Sètifika Doktè Lejis USDOT <u>obligatwa</u> 	<p>ANDEDAN ETA KI EKSEPTE* (EXCEPTED* INTRASTATE, EA)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou dwe gen laj 18 ane oswa plis • Ou dwe angaje sèlman nan “Operasyon ki Eksepte” • Ou dwe gen Restriksyon K ak A3 • Ou pa dwe gen restriksyon V • Ou pa dwe gen yon anotasyon H oswa X • Sètifika Doktè Lejis <u>Pa obligatwa</u> <p>* Gade seksyon 1.3.6 pou kalite pratik kondi ki eksepte</p>

Figi 1.4 Kalite pratik kondi pou Oto-sètifikasyon

Komès “Ant Eta yo” se lè w ap kondi yon CMV:

- Ant yon eta ak yon lòt eta oswa yon peyi etranje:
- Ant de (2) kote nan Eta New York men, pandan yon pati nan vwayaj la, CMV travèse yon lòt eta oswa yon peyi etranje; oswa
- Ant de (2) kote nan Eta New York, men chajman an se pati yon vwayaj ki te kòmanse oswa ki pral fini nan yon lòt eta oswa nan yon peyi etranje.

Komès “Ant Eta yo” se lè w ap kondi yon CMV sèlman nan Eta New York epi ou pa satisfè okenn nan deskripsyon ki endike anwo a pou komès ant eta yo.

1.3.6 – Egzijans pou Egzamen Medikal

Si ou oto-sètifye pou yon kalite pratik kondi ki Pa Eksepte (NA oswa NI), gouvènman federal la egzije ou pou fè yon egzamen medikal pou kapab detekte pwoblèm fizik oswa mantal ou ki ka afekte konpetans ou pou opere yon kamyon san pwoblèm. W ap jwenn egzijans pou fè egzamen an nan Règleman Administrasyon Federal Sekirite Konpayi Transpò Depatman Transpò Etazini [U.S. Department of Transportation (USDOT)] dapre 49 CFR Pati 391. Egzamen medikal USDOT konsène 13 domèn ki asosye dirèkteman avèk konpetans pou kondi san pwoblèm. **Ou dwe pase egzamen medikal USDOT, epitou ou dwe resevwa yon Sètifica Doktè Lejis USDOT.** Lè w ap ranpli yon aplikasyon MV-44 pou aplike pou yon CLP oswa CDL NYS, pou amande oswa renouvre youn, si ou konfime ou gen yon Sètifica Doktè Lejis ki valab, ou dwe bay yon kopi sètifica ou ba DMV pou yo kapab pwouve ou satisfè kritè sa a, si youn pa nan dosye deja.

Si Sètifica Doktè Lejis ou endike li dwe akonpaye avèk yon renonsyasyon/egzanpsyón oswa yon Sètifica Evalyasyon Pèfòmans Konpetans [Skills Performance Evaluation (SPE)], yon diferans FMCSA valab nan menm kalite a ki endike nan sètifica medikal la dwe sou dosye nan DMV.

Nou p ap bay, renouvre oswa modifye CLP ou oswa CDL ou, si ou pa la, oswa si ou pa gen dokiman medikal valab nan dosye.

Nòt: Egzamen fizik ki fèt sèlman pou chofè otobis ki depannde Atik 19-A Lwa Eta New York sou Veyikil ak Sikilasyon pa satisfè egzijans Pati 391 Règleman Federal sou Sekirite Konpayi Transpò, sof si kritè federal medikal, pwosedi ak fòm te itilize epi ou te resevwa yon “Sètifica Doktè Lejis”.

- **KISA YON SÈTIKA DOKTÈ LEJIS YE?** Sètifica Doktè Lejis USDOT tache nan Rapò Egzamen Medikal yon Doktè Lejis Sètifye pamì Doktè Lejis Sètifye Rejis Nasional Administrasyon Federal Sekirite Konpayi Transpò prepare. **Se yon Doktè Lejis Sètifye ki dwe bay tout Sètifica Doktè Lejis yo bay yo nan dat 21 me 2014 oswa apre dat sa a, epitou Sètifica yo dwe gen Nimewo Rejis Nasional Doktè Lejis la.** Si ou pase egzamen an, doktè lejis la ta dwe ranpli sètifica a epi li ta dwe ba ou li pou montre ou te pase egzamen an. Ou dwe bay yon kopi sètifica ou nan DMV kote y ap konsève li nan dosye jouk lè li eksipre. Anvan dat eksiprasyon sètifica ou ki nan dosye a, ou dwe bay yon dènye Sètifica Doktè Lejis nan DMV. Y ap aksepte Sètifica Doktè Lejis yo sèlman nan DMV lokal ou lè w ap remèt yon aplikasyon pou yon premye CDL Eta New York, youn ki modifye oswa youn ki renouvre. Si ou pa fè youn nan tranzaksyon sa yo, ou dwe voye sètifica ou nan Inite Sètifikasyon Medikal DMV.

NYS Department of Motor Vehicles
 Medical Certification Unit
 PO Box 2601
 Albany, NY 12220-0601
 Nimewo Telefòn: (518) 474-3603
 Faks: (518) 486-4421 oswa 486-3260
 Adrès Imèl: dmv.sm.CDLMedCertUnit@dmv.ny.gov

- **POU KONBYEN TAN SÈTIKA DOKTÈ LEJIS LA VALAB?** Yon egzamen medikal USDOT valab nòmalman pou 24 mwa. Men, doktè lejis ou ka ba ou yon sètifica doktè lejis k ap eksipre nan mwens pase 24 mwa pou li kapab kontwole yon pwoblèm medikal, tankou tansyon ki wo, lè doktè lejis la vle tcheke pi souvan pase dezan.
- **KIMOUN KI KA FÈ EGZAMEN MEDIKAL LA?** Apati 21 me 2014, se sèlman doktè ki sou lis Rejis Nasional FMCSA Doktè Lejis Sètifye ki ka fè yon egzamen medikal USDOT. Se yon Doktè Lejis Sètifye ki dwe bay tout Sètifica Doktè Lejis yo bay yo nan dat 21 me 2014 oswa apre dat sa a, epitou Sètifica yo dwe gen Nimewo Rejis Nasional Doktè Lejis la.

- **KIJAN POU MWEN JWENN YON DOKTÈ LEJIS KI GEN LISANS?** Pou jwenn yon doktè ki sètifye nan zòn ou, tanpri ale sou sitwèb federal la nan:
<http://www.fmcsa.dot.gov/regulations/national-registry/national-registry-certified-medical-examiners>

***Sa ki Enpòtan pou Sonje:** chofè ki gen CDL la responsab pou bay dènye kopi nenpòt dokiman medikal ki obligatwa nan DMV, anvan dat ekspirasyon dokiman medikal ki nan dosye a. **Si ou pa konsève dènye dokiman medikal nan DMV sa ap lakòz ou pèdi privilèj lisans komèsyal ou.**

1.3.7 – *Eksepsyon pou Egzamen Medikal*

Yon egzamen medikal oswa yon Sètifikasi Doktè Lejis USDOT pa obligatwa si ou oto-sètifye nan yon kalite pratik kondi **Eksepte** (EA oswa EI). Yon kalite pratik kondi ki **Eksepte** (EA oswa EI) aplike pou kalite operasyon komèsyal ki endike anba la yo:

- Pou pote elèv lekòl ak/oswa anplwaye lekòl ant lakay yo ak lekòl la;
- Kòm anplwaye gouvènman federal, gouvènman Eta oswa gouvènman lokal;
- Pou pote kò moun oswa moun ki malad oswa ki pran chòk;
- Kamyon ponpye oswa veyikil sekou pandan ijans ak lòt aktivite ki asosye;
- Sitou nan transpò gaz pwopàn pou chofaj nan sezon livè lè w ap reponn yon kondisyon ijans ki bezwen repons imedyat tankou domaj nan yon sistèm gaz pwopàn apre yon tanpèt oswa yon inondasyon;
- Nan repons pou yon kondisyon ijans nan akedik ki bezwen repons imedyat tankou yon yon akedik ki gen fuit gaz oswa ki kase;
- Nan rekòlt sou kòmann nan yon bitasyon agrikòl oswa pou pote ekipman ak materyèl agrikòl nan operasyon rekòlt sou kòmann pou fè ale-vini nan yon bitasyon agrikòl oswa pou pote danre ou rekòlte sou kòmann nan yon depo oswa makèt;
- Apikiltè nan transpò sezonye myèl;
- Sa yon kiltivatè kontwole epi opere, men ki pa veyikil konbine (inite puisans ak ak inite ki remòke), epi ki itilize pou transpò pwodui agrikòl, ekipman agrikòl oswa materyèl agrikòl (pa materyèl danjere ki bezwen pou mete afich avètisman) pou fè ale-vini nan yon bitasyon agrikòl epi sou yon distans 150 mil maren avèk bitasyon agrikòl la;
- Kòm yon konpayi transpò prive ki pote pasaje pou objektif ki pa komèsyal;
- Pou pote travayè sezonye, ou dwe gen laj 21 ane oswa plis.
- Chofè ki te jwenn CDL Eta New York yo anvan 9 septanm 1999 gen pèmisyon pou fè operasyon komèsyal "ki pa eksepte" (sof lè y ap pote materyèl danjere) nan Eta New York sèlman. Chofè sa yo dwe oto-sètifye nan EA.

1.3.8 – *Aplikasyon ak Egzijans pou Fè Tès Alekri*

Pou resevwa yon CDL Kategori A, B, oswa C pou premye fwa, pou fè mizajou nan yon CDL Kategori siperyè, oswa pou ajoute yon anotasyon "P" oswa "S" nan yon CDL, ou dwe resevwa yon Pèmi Apranti Chofè Komèsyal (CLP) anvan pou kategori ak kalite veyikil kòrèk ou planifye pou kondi. Pou resevwa pèmi apranti a, ou dwe deja gen yon lisans chofè Eta New York ki pa sispann, revoke oswa anile. Ou dwe aplike poukont ou nan yon biwo veyikil-a-motè Eta New York*. Ou pa bezwen pran randevou, men, ou ta dwe kontakte biwo a si ou gen nenpòt bezwen espesyal. Kite twa (3) èdtan pase pou fè tout machaswiv la, epitou pou pran tès la. Planifye pou rive twa (3) èdtan anvan lè yo pwograme pou fèmen biwo a. Nan biwo veyikil-a-motè yo, w ap:

- Ranpli yon fòm aplikasyon (MV-44), kote ou dwe:
 - bay prèv prezans legal ou nan Etazini (gade fòm ID-44CDL);
 - bay prèv ki montre w ap viv nan NYS (gade fòm ID-44CDL);
 - konfime si ou konfòme ou avèk egzijans federal yo pou yon CDL ki endike nan 49 CFR Pati 391;

- konfime pou kalite operasyon komèsyal w ap fè oswa ou espere fè;
- prezante yon kopi sètifikasi doktè lejis ou, si ou satisfè egzijans federal yo.
- Montre lisans chofè Eta New York ou.
- Montre Kat Sekirite Sosyal ou, si DMV Eta New York pa gen dosye Nimewo Sekirite Sosyal ou epi si yo mande ou pou montre kat ou.
- Peye frè pou aplikasyon an, pou yo travay sou dokiman ki gen foto ou, epi pou pase ou tès.
- Pase tès konesans jeneral la ak nenpòt tès ki nesesè pou anotasyon lè ou reponn omwen 80% kesyon yo kòrèkteman (gade seksyon 1.4, ki anba la a); ou pa gen pèmisyón pou pote anyen nan sal oswa zòn tès la, sof yon kreyon, epi ou dwe prezante lisans chofè ou ankò anvan ou kapab pran tès la (yo). Sa pou sonje: nou pa aksepte telefòn selilè nan okenn zòn tès la nan okenn moman.
- **Restriksyon ki obligatwa sou plan federal sou CLP:**
 - Gouvènman Federal la ap otomatikman koresponn restriksyon "Okenn Pasajè nan Otobis CMV yo" avèk CLP yo bay ki gen mansyon Pasajè (P) oswa Otobis Lekòl (S).
 - CLP yo bay avèk yon anotasyon Veyikil Tank (N) ap gen yon restriksyon "No Cargo in CMV Tank Vehicle" (X) (Veyikil Tank CMV) ki obligatwa sou plan federal.
 - Nou bay restriksyon P ak X sou CLP sèlman. CDL nou bay apre ou pase tout tès obligatwa yo p ap gen restriksyon P oswa X.

*Ou kapab jwenn adrès biwo NYS Motor Vehicles yo ak lè yo louvri nan lis kontak telefòn lokal ou a, sou sit entènèt NYS DMV la ki se dmv.ny.gov/offices.htm, oswa lè ou rele NYS DMV, pandan lasemèn (sof jou ki gen konje nasyonal yo) ant 8:00 a.m. ak 4:30 p.m. (Lè Zòn Lès) nan 1-800-698-2931.

1.3.9 – Lè W ap Kondi Avèk Pèmi Apranti Chofer Komèsyal Ou

Pèmi apranti chofer komèsyal ou pèmèt ou kondi yon veyikil klas ak kalite ki koresponn avèk klas la ak nenpòt anotasyon pèmi ou, depi:

- CLP ou akonpaye avèk yon lisans NYS souzantandi;
- yon chofer ki gen yon CDL menm klas oswa klas avanse ki gen bon jan anotasyon akonpaye ou toutan;
- pèmi ou ak CDL chofer k ap sipèvize ou pa gen okenn restriksyon ki ta entèdi ou kondi nan veyikil pratik; epi
- ou p ap pote nenpòt materyèl ki bezwen afich avètisman pou materyèl danjere (HazMat) oswa nenpòt kantite materyèl ki endike kòm yon ajan oswa toksin yo chwazi nan 42 CFR 73, menm lè CDL chofer k ap sipèvize ou gen yon anotasyon HazMat oswa menm lè oumenm gen yon klas CDL enferyè ki gen yon anotasyon HazMat.

1.3.10 – Egzijans pou Tès Konpetans

Pou resevwa CDL, ou dwe pase tès konpetans lan nan yon veyikil reprezantan – youn ki koresponn avèk klas, kalite ak itilizasyon CDL ou bezwen an. Etidye seksyon 11, 12 ak 13 ki nan manyèl sa a pou jwenn detay sou tès konpetans pou CDL, ak pratik kondi avèk pèmi apranti ou tout tan ou kapab jouk lè ou gen konfyans ou kapab pase tès la. Ou kapab pran randevou pou tès konpetans ou a swa anliy sou sit entènèt dmv.ny.gov la oswa nan **telefòn** nan nimewo 1-518-402-2100. Ou dwe rete tann omwen 14 jou apati dat ou te resevwa CLP ou anvan ou ka fè tès konpetans lan. Nòmalman, li pran anpil semèn apati dat ou pran randevou ou pou rive nan dat tès la. Poutèt sa, pran randevou pou tès ou bonè. Ou ka anile yon tès konpetans ki pwograme sou entènèt oswa nan telefòn, menou dwe anile randevou ou nan twa (3) jou ouvrab anvan dat ak lè ki pwograme pou tès pratik ou. Si ou anile randevou pou tès la pita pase sa a w ap pèdi frè ou peye pou tès konpetans lan, epi ou dwe peye frè pou tès konpetans lan ankò anvan ou pran yon lòt randevou. Ou kapab jwenn lòt enfòmasyon pou pran randevou pou yon tès konpetans nan sitwèb DMV ki endike anwo a.

Pou pase tès konpetans lan, ou dwe montre ou kapab enspekte epi opere veyikil reprezantan an san pwoblèm epi avèk konpetans, avèk 50 oswa mwens pwen yo retire sou ou. Tout moun ki pase yon tès pratik ap resevwa enstwiksyon pou yo rete tann 1 jou anvan yo ale nan DMV pou yo resevwa lisans CDL pèmanan yo.

Pandan tès la, si ou fè yon aksidan oswa si ou lakòz youn, si ou fè nenpòt vyolasyon senp sikilasyon an oswa si ou fè yon aksyon ki danjere, oswa si ou pèdi plis pase 50 pwen, ou p ap pase tès konpetans lan. Si ou pa pase yon tès konpetans, ou ka pran yon randevou pou pwochen dat tès la, dapre disponiblite randevou ki genyen. Pa gen peryòd tan minimòm pou rete tann anvan ou pran tès konpetans lan ankò (eksepte ou ka pran yon sèl tès pa jou), men pwochen dat randevou a ka pran anpil semèn apati dat ou pran randevou a. Ou dwe peye frè pou tès konpetans lan ankò anvan ou kapab pran pwochen randevou ou.

1.3.11 – Egzanpsyon Tès Konpetans pou Militè

Règleman Manm Komisyon Veyikil-a-Motè Kamyon pèmèt yon moun ki aplike pou CDL epi ki gen eksperians militè nan kondi kamyon komèsyal aplike pou yo egzanpsyon tès konpetans pou CDL.

Pou satisfè kondisyon pou egzanpsyon sa a, moun ki aplike a dwe:

- Gen yon lisans chofè Eta New York ki valab oswa li dwe gen yon lisans chofè lòt eta ki valab pou li chanje pou yon lisans chofè Eta New York
- Satisfè tout lòt egzijans pou kalifye pou yon CDL Eta New York
- Anplwaye regilyèman (oswa anplwaye regilyèman nan dènye 90 jou yo) nan yon pòs travay militè (sèvis aktif oswa Lagad Nasional New York) ki egzije operasyon yon CMV
- Te opere yon CMV ki gen kalite chofè a opere (oswa espere opere) pandan omwen dezan imedyatman anvan:
 - Dat aplikasyon an, si li nan sèvis aktif, oswa
 - Dat dechaj la nan fòs lame

Nan yon biwo DMV, moun ki aplike a dwe prezante:

- Fòmilè CDL-102 (CDL Certification for Military Waiver of Skills Test) a disponib sou sit dmv.ny.gov/forms/CDL102.pdf oswa nan nenpòt biwo Motor Vehicles.
- Yon lisans chofè Eta New York ki valab oswa yon lisans chofè lòt eta.
- Sètifikasi Doktè Lejis (si li obligatwa),
- Prèv sèvis militè jan sa endike nan fòm CDL-102

Ou dwe pase tout tès alekri ki anvigè yo epitou ou dwe peye frè pou tès alekri a, frè pou pèmi a ak frè pou lisans lan. Pa gen frè pou peye pou tès konpetans lan.

Si ou satisfè tout egzijans yo, biwo DMV ap ba ou CDL ou. Klas, anotasyon ak restriksyon ki nan CDL ou ap depanne kalite CMV ou te opere nan fòs lame a. Pou jwenn plis enfòmasyon gade Eksplikasyon Kategori Lisans yo, Anotasyon yo ak Restriksyon yo (fòm MV-500C).

1.3.12 – Egzanpsyon FMCSA School Bus Only (Restriksyon School Bus Only)

Federal Motor Carrier Safety Administration (FMCSA) bay kèk chofè otobis lekòl yon egzanpsyon alavans pou kèk egzijans nan zafè tès konpetans nan fè enspeksyon machin.

Egzanpsyon FMCSA a otorize nouvo kandida ki enskri nan CDL yo oswa kandida ki deja genyen yon CDL epi ki swete genyen mansyon Otobis Lekòl (S) ak Pasajè (P) obligasyon tès konpetans lan mande alavans lan, yo rele li tou “anba kapo” nan konpatiman motè a. Kandida yo ki genyen yon nouvo CDL pa kalifye pou egzanpsyon FMCSA a.

Kandida CDL yo k ap chèche benefisyè egzanpsyon FMCSA a dwe pase egzamen pratik “Limited School Bus” la, epi restriksyon “K” Intrasate Only ak “S1” School Bus Only yo ki dwe aplike.

Egzanpsyon sa a kapab ekspire. Kandida yo dwe pase egzamen pratik "Limited School Bus" la epi pase nan yon biwo DMV nan jou oswa anvan dat ekspirasyon an pou modifie lisans yo a pou yon CDL. Apre egzanpsyon FMCSA a vin ekspire, ou pa kapab renouvre yon restriksyon CDL "S1" School Bus Only. Pou toujou kenbe yon CDL, chofè yo dwe aplike pou yon pèmi, pase yon egzamen pratik konplè, epi peye tout kòb yo mande yo.

Chofè ki vle retire restriksyon "K" Intrastate Only ak "S1" School Bus Only yo dwe aplike pou yon pèmi, pase yon egzamen pratik konplè, epi peye tout kòb yo mande yo.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan egzanpsyon an ak dat l ap ekspire a sou sit entènèt DMV a.

1.3.13 – Obligasyon pou Tès Alkòl ak Dwòg (Alcohol and Drug Testing Requirements)

Dapre Iwa Eta New York, nenpòt moun k ap opere yon kamyon nan New York dwe bay konsantman li pou fè yon tès sibstans chimik pou youn oswa plis nan sa ki anba la a: alèn, san, pipi oswa krache, pou yo detèmine si moun nan gen alkòl ak/oswa dwòg nan san li.

1.4 – Tès Lisans Chofè Komèsyal

Pou resevwa yon CDL, ou dwe pase tès konesans lan ak tès konpetans lan. **Sèl objektif manyèl sa a se pou ede ou pase tès yo.** Manyèl sa a pa ranplase yon klas oswa yon pwogram fòmasyon chofè komèsyal. Fòmasyon fòmèl se fason ki pi fyab pou aprann anpil konpetans espesyal ki nese sè pou kondi yon gwo veyikil komèsyal san pwoblèm epi pou vin yon chofè komèsyal pwofesyonèl. Seksyon 1.4.1, ki anba la a, montre seksyon manyèl sa a ou ta dwe etidye pou chak klas lisans patikilye epi pou chak anotasyon.

1.4.1 – Tès Konesans

W ap gen pou pran youn oswa plizyè tès konesans, selon ki klas lisans ak ki anotasyon ou bezwen. Tout kesyon ki nan tès la se kesyon pou bay repons ochwa; ou dwe chwazi yon repons ki kòrèk pamitwa (3) chwa yo. Nòt pou pase pou chak tès konesans chofè komèsyal se **80%**. Si ou pa pase yon tès konesans pa gen limit nan kantite fwa ou kapab refè tès la, men, sa ap depannde desizyon Direktè Distri a, Manadjè Biwo a, Grefye Konte a oswa Sipèvizè Biwo a.

- **Tout moun ki aplike pou CDL dwe pran** Tès Konesans (Debaz) Jeneral la. **Pou tès sa a, etidye Seksyon 1, 2, 3, 11, 12 ak 13 manyèl sa a.**

Lè w ap pran nenpòt lòt tès konesans CDL, tout moun k ap pran tès la ta dwe etidye Seksyon 1, 2, 3, 11, 12 ak 13 anplis seksyon (yo) ki endike anba la a. Lòt tès konesans yo pou CDL, ak seksyon **siplemente** manyèl sa a ou ta dwe etidye pou pase yo chak se:

- **Tès pou Veyikil Konbine**, ki obligatwa pou kondi veyikil konbine (CDL Klas A); **Etidye Seksyon 5 ak 6**
- **Tès pou Doub/Trip**, obligatwa pou redi de (2) oswa twa (3) trelè; **Etidye Seksyon 5, 6, ak 7**
- **Tès pou Materyèl Danjere**, ki obligatwa pou pote materyèl danjere oswa dechè nan kantite ki ki egzise pou mete afich avètisman oswa nenpòt kantite yon materyèl ki endike kòm yon ajan oswa toksin privileje nan 42 CFR 73. Pou jwenn anotasyon sa a, ou gen obligasyon tou pou pase yon verifikasyon dosye kriminèl ou nan Eta New York ak yon verifikasyon dosye kriminèl ou nan Administrasyon Sekirite Transpò [Transportation Security Administration (TSA)]; **Etidye Seksyon 9**
- **Tès pou Transpò Pasaje**, ki obligatwa pou tout moun ki aplike pou chofè otobis; **Etidye Seksyon 4**
- **Tès pou Otobis Lekòl**, ki obligatwa pou kondi yon otobis lekòl avèk yon GVWR ki peze plis pase 26,000 liv oswa ki deziyen pou pote 15 pasaje oswa plis (sof chofè a); **Etidye Seksyon 10**

- **Tès pou Veyikil Tank**, ki obligatwa pou pote yon likid oswa yon gaz likid nan yon tank chajman ki monte an pèmanans ki klas a 119 gallon oswa plis oswa yon tank pòtatif ki klase a 1,000 galon oswa plis; ***Etidye Seksyon 6, 8 ak 9***
- **Tès pou Fren-a-Lè**, ki obligatwa pou ou pran si veyikil ou gen fren-a-lè, tankou fren idwolik; ***Etidye Seksyon 5***

1.4.2 – Tès Konpetans

Si ou pase tès konesans ki obligatwa (yo), ou kapab pran tès konpetans pou CDL. Ou dwe rete tann omwen 14 jou apati dat ou te resevwa CLP ou anvan ou ka fè tès konpetans lan. Genyen twa (3) kalite konpetans jeneral n ap teste: enspeksyon veyikil anvan vwayaj, kontwòl debaz veyikil, ak and pratik kondi sou wout. Ou dwe pase tès konpetans lan nan klas ak kalite veyikil ou vle resevwa lisans lan. Nenpòt veyikil ki gen eleman ki make oswa ki gen etikèt eleman pa kapab sèvi pou tès enspeksyon veyikil anvan vwayaj.

Enspeksyon Veyikil anvan Vwayaj. N ap teste ou pou wè si ou konnen si veyikil ou bon pou kondi. Ou dwe passe tès enspeksyon veyikil anvan vwayaj la anvan ou kapab fè tès kontwòl debaz veyikil. N ap mande ou pou fè yon enspeksyon veyikil ou anvan vwayaj ou epi n ap mande ou pou eksplike egzaminatè a sa ou ta dwe enspekte epi pou kisa. *Gade Seksyon 11 pou jwenn detay yo.*

Kontwòl Debaz Veyikil. N ap teste ou sou konpetans ou pou kontwole veyikil la. N ap mande ou pou deplase veyikil ou annavan, pou fè bak, epi pou vire li nan yon zòn ki defini. Zòn sa yo ka make oswa ka pa make avèk liy sikilasyon, kòn, baryè, oswa yon bagay ki sanble. Egzaminatè a ap fè ou konnen kijan ou degaje ou nan chak tès kontwòl. *Gade Seksyon 12 pou jwenn detay yo.*

Tès Kondi sou Wout. N ap teste ou sou konpetans ou pou kondi veyikil ou san pwoblèm nan plizyè kalite sitiyasyon sikilasyon. Sitiyasyon yo ka gen ladan viraj agòch ak viraj adwat, kalfou, kwazman chemennfè, koub, monte ak desann pant, wout ki gen yon sèl li oswa plizyè li, lari, oswa otowout. Egzaminatè a ap fè ou konnen kote pou kondi. *Gade Seksyon 13 pou jwenn detay yo.*

1.5 – Lòt Egzijans Pou Chofè Otobis

Tout chofè otobis nan Eta New York dwe gen CDL, epi patwon yo dwe detèmine si chofè yo anboche yo kalifye pou kondi otobis yo. Answit, Atik 19-A (Egzijans Espesyal Pou Chofè Otobis) VTL Eta New York mete kritè anplas pou chofè otobis yo. Dapre Iwa sa a, patwon chofè otobis yo dwe:

- Fè yon ankèt sou dosye eksperyans travay yon nouvo chofè pou dènye twazan yo.
- Jwenn dosye nan tout jiridiksyon kote chofè a te travay, t ap viv oswa te gen yon lisans chofè oswa yon pèmi apranti nan dènye 3 ane yo.
- Fè chofè yo konnen dispozisyon Atik 19-A.
- Egzije pou chofè yo fè yon premye egzamen fizik ak lòt egzamen answit chak dezan.
- Chak ane revize dosye kondi chak chofè pou detèmine si yo satisfè egzijans minimòm yo pou kondi yon otobis.
- Chak ane obsève pèfòmans kondi avèk prekosyon pou chak chofè pandan y ap opere yon otobis ki pote pasaje.
- Bay chak chofè yon egzamen alekri oswa aloral chak dezan pou teste konesans yo nan règ wout la, pratik kondi avèk prekosyon ak lwa ki kontwole pratik kondi otobis nan Eta New York.
- Bay chak chofè yon tès pratik kondi dèyè volan chak dezan.
- Sispansyon yon chofè pou yon peryòd travay senk (5) jou lè chofè a pa bay avi kondanasyon ak aksidan li fè, oswa, si kondanasyon an se pou yon deli oswa yon krim, bay chofè a yon sispansyon ki vo kantite jou travay yon chofè ki pa ta respekte egzijans pou bay rapò, oswa senk (5) jou travay, kèlkeswa sa ki pi long lan.

Lòt Egzijans Pou Chofè Otobis Lekòl. Atik 19-A egzije pou patwon chofè otobis *lekòl* mande yon verifikasyon istwa kriminèl sou chak chofè ki baze sou anprent li. Règleman Depatman Edikasyon Eta New York [NYS Education Department (NYSED)] egzije pou chofè otobis lekòl yo:

- Gen omwen laj 21 ane.
- Pran epi pase yon egzamen siplemantè chak ane.

Si yon chofè otobis pa satisfè nenpòt nan egzijans legal oswa nan egzijans kontwòl yo, patwon an pa gen dwe kite chofè a opere yon otobis jouk lè chofè a satisfè egzijans yo. Depatman Veyikil-a-Motè Kamyon diskalifye chofè yo tou dapre dosye pratik kondi yo ak istwa kriminèl yo.

1.6 – Diskalifikasyon Chofè

1.6.1 – Jeneral

Ou pa ka kondi yon kamyon komèsyal si ou pèdi kalifikasyon ou pou nenpòt rezon.

1.6.2 – Lè ou Sou Anba Tafya, Lè Kouri Ale nan yon Aksidan ou Fè, epi Lè Ou Fè yon Krim

Li ilegal pou opere yon CMV si konsantrasyon alkòl nan san ou (BAC) se .04% oswa plis. Si w ap opere yon CMV, nou dwe konsidere ou te bay konsantman ou pou fè tès alkòl.

N ap retire ou nan sèvis pou 24 èdtan si ou gen nenpòt kantite alkòl ki anba .04% ki fasil pou detekte nan san ou.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL **ou pou omwen yon ane** pou yon premye vyolasyon poutèt:

- Ou kondi yon CMV si konsantrasyon alkòl nan san ou se .04% oswa pi wo.
- Ou kondi nenpòt veyikil pandan ou sou anba tafya.
- Ou kondi nenpòt veyikil pandan ou anba yon sibstans kontwole.
- Ou refize fè tès alkòl nan san ou.
- Kouri ale nan yon aksidan ou fè san ou pa rapòte aksidan an.
- Ou fè yon krim ki konsène itilizasyon yon veyikil.
- Ou opere yon CMV pandan CLP ou ak/oswa CDL revoke, sispann oswa anile pou vyolasyon ou fè anvan, oswa si ou pa kalifye pou opere yon CMV, oswa si lajistik kondane ou poutèt ou lakòz moun mouri nan operasyon yon CMV avèk neglijans, tankou, men pa sèlman, krim omisid envelopontè nan kondi machin oswa omisid kriminèl neglijan.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou **pou omwen twazan** si vyolasyon an fèt pandan w ap opere yon CMV ki gen afich avètisman pou materyèl danjere.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou **avi** si lajistik kondane ou yon dezyèm fwa pou nenpòt nan vyolasyon ki endike anwo a.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou **avi** si ou itilize yon CMV pou fè yon krim ki gen pou wè ak sibstans kontwole.

1.6.3 – Vyolasyon Sikilasyon ki Grav

Men kèk nan vyolasyon sikilasyon ki grav:

- W ap fè gwo vitès (15 mph oswa plis anplis vitès limit ki nan pano a)
- W ap kondi avèk neglijans
- Ou chanje liy nan move fason oswa nan fason ki pa regilye
- W ap swiv yon veyikil twòp pre
- Vyolasyon sikilasyon ou fè nan yon CMV anrapò avèk aksidan sikilasyon ki lakòz moun mouri

Seksyon 1 ENTWODIKSYON

- W ap opere yon CMV san ou pa resevwa yon CLP oswa yon CDL anvan
- W ap opere yon CMV san ou pa gen yon CLP oswa yon CDL nan pòch ou kòm chofè
- W ap opere yon CMV san ou pa resevwa kategori CLP oswa CDL kòrèk la ak/oswa anotasyon pou sèten machin w ap opere oswa pou pasaje oswa pou kalite chajman w ap pote a
- W ap opere yon CMV pandan w ap itilize yon telefòn selilè nan men ou ak/oswa aparèy pou voye tèks.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou:

- Pou omwen 60 jou si ou fè de (2) vyolasyon sikilasyon ki grav nan yon peryòd twazan ki gen pou wè ak yon CMV.
- Pou omwen 120 jou pou twa (3) vyolasyon sikilasyon ki grav nan yon peryòd twazan ki gen pou wè ak yon CMV.

1.6.4 – Vyolasyon Òdonans pou Pa Opere Veyikil

Si yon enspektè federal oswa leta jije ou oswa kamyon komèsyal ou danjere pandan yon enspeksyon, y ap bay lòd pou ou oswa pou kamyon ou pa nan sèvis la.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou si lajistik kondane ou poutèt w ap opere kamyon an ki lakòz ou vyole lòd pou pa nan sèvis la:

- Pou omwen 90 jou si ou fè premye vyolasyon òdonans pou retire veyikil nan sèvis.
- Pou omwen yon ane si ou fè de (2) vyolasyon pou retire veyikil nan sèvis nan yon peryòd dis (10) ane.
- Pou omwen twa (3) ane si ou fè twa (3) oswa plis vyolasyon òdonans pou retire veyikil nan sèvis nan yon peryòd dis (10) ane.

1.6.5 – Vyolasyon Pasaj Anivo sou Chemennfè-Otowout

Vyolasyon sa yo, pandan w ap opere yon kamyon komèsyal, gen ladan vyolasyon yon lwa oswa règleman federal, yon lwa oswa règleman leta oswa yon lwa oswa règleman lokal ki konsène youn nan sis (6) vyolasyon nan yon pasaj anivo sou chemennfè-otowout:

- Pou chofè ki pa gen obligasyon pou toujou kanpe, lè yo kanpe anvan yo rive nan pasaj la si ray yo pa gen tren k ap vini sou yo.
- Pou chofè ki pa gen obligasyon pou toujou kanpe, lè yo pa kanpe pou ralanti epi pou yo tcheke si pa gen tren k ap vini sou ray yo.
- Pou chofè ki toujou gen obligasyon pou kanpe, lè yo kanpe anvan yo kondi sou pasaj la.
- Pou tout chofè ki pa gen ase espas pou kondi nèt nan pasaj la san yo pa kanpe.
- Pou tout chofè ki pa respekte aparèy kontwòl sikilasyon an oswa direksyon yon ofisyel lapolis nan pasaj la.
- Pou tout chofè ki pa negosye yon pasaj akòz nivo chasi a ki pa ase.

W ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou:

- Pou omwen 60 jou pou premye vyolasyon ou.
- Pou omwen 120 jou pou dezyèm vyolasyon ou nan yon peryòd twa (3) jou.
- Pou omwen yon ane pou yon twazyèm vyolasyon nan yon peryòd twazan.

1.6.6 – Verifikasiyon Dosye Kriminèl Anrapò ak Materyèl Danjere ak Diskalifikasyon

Si ou dwe gen yon anotasyon pou materyèl danjere, w ap gen obligasyon pou soumèt anprent ou epitou n ap gen pou verifye dosye kriminèl ou.

W ap jwenn refi oswa w ap pèdi anotasyon ou pou materyèl danjere ou si ou:

- Pa yon rezidan pèmanan legal nan Etazini.
- Renonse sitwayènte Etazini ou.
- Lajistis ap chèche ou oswa si ou anba akizasyon pou sèten krim.
- Lajistis kondane ou nan yon tribinal militè oswa nan yon tribinal sivil pou sèten krim.
- Yo te egzamine ou kòm yon moun ki manke kapasite mantal oswa yon moun yo mete nan on sant sante mantal san volonte li jan li espesifye nan 49 CFR 1572.109.
- Yo konsidere ou reprezante yon menas pou sekirite jan yo detèmine sa nan Administrasyon Sekirite Transpò.

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou sit entènèt: dmv.ny.gov/cdl.htm

1.6.7 – Vyolasyon Sikilasyon nan Veyikil Pèsonèl Ou

Règ federal oswa règ leta egzije yon moun ki gen CLP oswa CDL pèdi kalifikasyon yo pou opere yon kamyon komèsyal si lajistis te kondane moun ki gen CLP oswa CDL pou sèten kalite vyolasyon règ sikilasyon an pandan li t ap kondi veyikil pèsonèl li. Sa gen ladan: kite yon kote ou fè yon aksidan, vyolasyon ki gen pou wè ak alkòl ak/oswa dwòg, ak krim ki gen pou wè ak kamyon.

Si privilèj pou opere veyikil pèsonèl ou revoke, anile oswa sispann akòz vyolasyon lwa kontwòl sikilasyon (ki pa vyolasyon estasyònman) w ap pèdi privilèj lisans CDL ou tou.

Si privilèj pou opere veyikil pèsonèl ou revoke, anile, oswa sispann akòz alkòl, sibstans kontwole, oswa vyolasyon kriminèl, w ap pèdi CLP ou ak/oswa CDL ou pou **1 ane**. Si lajistis kondane ou pou yon dezyèm vyolasyon tankou nan veyikil pèsonèl ou oswa CMV, w ap pèdi CLP ou oswa CDL ou **avi**.

Si lisans ou pou opere veyikil pèsonèl ou revoke, anile oswa sispann akòz, ou pa ka jwenn yon lisans pou "sitiyasyon difisil" pou opere yon CMV.

1.7 – Lòt Règ konsènan Privilèj Komèsyal

Gen kèk lòt règ federal ak règ leta ki afekte chofè k ap opere CMV nan tout eta yo. Men kèk nan règ s a yo:

1.7.1 – Règ pou Gen Lisans

- Okenn moun pa kapab kondi yon kamyon komèsyal san li pa gen yon CLP oswa yon CDL. Yon tribinal ka fè ou peye yon amann \$75-\$300 dola oswa yo ka mete ou nan prizon poutèt ou vyole règ sa a.
- Ou pa kapab gen plis pase yon lisans. Si ou vyole règ sa a, yon tribinal ka fè ou peye yon amann \$75-\$300 dola oswa yo ka mete ou nan prizon epi yo ka kenbe lisans leta kay ou pou retounen li ba nenpòt lòt moun.
- Ou dwe fè DMV Eta New York konnen nan 30 jou si lajistis kondane ou nan nenpòt jiridiksyon pou nenpòt vyolasyon sikilasyon (sof estasyònman). Sa vrè kèlkeswa kalite veyikil ou t ap kondi a.
- Si ou gen yon anotasyon pou materyèl danjere, ou dwe fè konnen epi soumèt anotasyon pou materyèl danjere a ba eta ki te ba ou CDL ou nan 24 èdtan si:

- lajistis kondane ou, akize ou, oswa jwenn ou koupab akòz pwoblèm mantal nan nenpòt jiridiksyon, tribunal sivil oswa tribunal militè, pou yon krim ki fè ou pèdi kalifikasyon ou ki endike nan 49 CFR 1572.103;
- yo egzamine ou kòm yon moun ki manke kapasite mantal oswa yon moun yo mete nan yon sant sante mantal san volonte li jan li espesifye nan 49 CFR 1572.109; oswa
- ou renonse sitwayènte ameriken ou.
- Tout eta yo konekte nan yon sistèm enfòmatize pou divilge enfòmasyon sou chofè ki gen CLP ak CDL yo. Eta yo ap verifye dosye pratik kondi ou epi y ap asire chofè yo pa gen plis pase yon CLP ak CDL.
- Ou dwe mete pwoteksyon senti sekirite ou kòrèkteman toutan pandan w ap opere yon kamyon komèsyal. Konsepsyón senti sekirite a kenbe chofè a an sekirite dèyè volan an pandan yon aksidan, pou ede chofè a kontwole veyikil la, epi li redui chans pou chofè a pran chòk grav oswa pou li mouri. Si ou pa mete yon senti sekirite, ou gen kat (4) fwa plis chans pou pran chòk ki ka touye ou si veyikil la lanse ou pou sòti deyò.

1.7.2 – Règ konsènan Travay

- Ou dwe bay enfòmasyon sou travay ou nan tout djòb kondi veyikil ou te genyen pou dènye 10 zan yo. Ou dwe fè sa lè ou aplike pou yon djòb pou kondi yon veyikil komèsyal.
- Ou dwe fè patwon ou konnen nan 30 jou apre kondanasyon pou nenpòt vyolasyon sikilasyon (eksepte estasyònman). Sa vrè kèlkeswa kalite veyikil ou t ap kondi a.
- Ou dwe fè patwon ou konnen si lisans ou sispann, revoke, oswa anile, oswa si ou pèdi kalifikasyon ou pou kondi.
- Patwon ou ka pa kite ou kondi yon kamyon komèsyal si ou gen plis pase yon lisans oswa si CLP oswa CDL ou sispann, revoke oswa anile. Yon tribunal ka fè ou peye yon amann ki ka rive jiska \$5,000 dola oswa yo ka mete ou nan prizon poutèt ou vyole règ sa a.

1.8 – Plan Anrejistreman Entènasyonal [International Registration Plan (IRP)] ak Akò Entènasyonal pou Taks sou Konbistib [International Fuel Tax Agreement (IFTA)]

Si ou opere yon CMV nan komès ant eta yo, avèk kèk eksepsyón, li obligatwa pou kamyon an anrejistre anba Plan Anrejistreman Entènasyonal (IRP) ak Akò Entènasyonal pou Taks sou Konbistib (IFTA). Pwogram sa yo prevwa rekouvreman ak distribisyon frè anrejistreman veyikil ak taks sou itilizasyon konbistib pou vwayaj ant eta yo.

1.8.1 – Plan Anrejistreman Entènasyonal [International Registration Plan (IRP)] anba kontwòl Depatman Veyikil-a-Motè [Department of Motor Vehicles (DMV)]

Dapre IRP, jiridiksyon yo dwe anrejistre veyikil yo epi yo fè odit sou dosye mileyaj moun ki anrejistre yo.

Moun ki anrejistre yo dwe aplike pou anrejistreman IRP, yo dwe bay bon jan dokiman, yo dwe peye frè ki awopriye, yo dwe montre kalifikasyon kòrèk, yo dwe konsève dosye mileyaj ki egzat ak konfòm, epitou yo dwe mete dosye yo disponib pou odit.

1.8.2 – Akò Entènasyonal pou Taks sou Konbistib [International Fuel Tax Agreement (IFTA)] anba kontwòl Depatman Depatman Taksasyon ak Finans [Department of Taxation and Finance (DTF)]

IFTA pèmèt konpayi ant eta yo rapòte konbistib yo itilize epi li pèmèt yo peye taks sou itilizasyon konbistib.

Dapre IFTA, yon konpayi ap resevwa yon ansanm kalifikasyon pou vwayaje nan tout jiridiksyon manm IFTA. Yo kalkile taks sou itilizasyon konbistib yo touche dapre IFTA dapre kantite mil/kilomèt yo vwayaje epi dapre kantite galon/lit ki konsome nan tout jiridiksyon manm yo. Jiridiksyon debaz la ap fè rekouvreman ak distribisyon taks sou itilizasyon konbistib ba lòt jiridiksyon manm yo epi y ap fè odit sou taks sou itilizasyon konbistib.

Konpayi yo dwe ranpli fòm deklarasyon taks IFTA yo chak trimès nan jiridiksyon debaz la pou rapòte vwayaj la ak itilizasyon konbistib nan tout jiridiksyon manm IFTA yo. Konpayi yo dwe konsève dosye mileyaj ak konbistib pou sipòte deklarasyon taks IFTA yo chak trimès.

1.8.3 – Lòt Enfòmasyon ak Egzijans pou Konsèvasyon Rejis

Ou kapab jwenn lòt enfòmasyon ak egzijans pou konsèvasyon rejis pou IRP nan Manyèl Enstwiksyon IRP DMV (IRP-8), ki disponib anba “Business Use Forms” (“Fòm Itilizasyon Biznis”) nan sitwèb www.dmv.ny.gov. IRP, Inc. se depo ofisyèl pou IRP, epi ou kapab jwenn lòt enfòmasyon nan sitwèb yo nan www.irponline.org. Gen yon vidyeo fòmasyon nan sitwèb yo ki disponib nan lang Anglè, Panyòl ak Fransè.

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou IFTA, ale nan sitwèb Depatman Taksasyon ak Finans nan <http://www.tax.ny.gov/>. W ap jwenn enfòmasyon enpòtan tou nan depo ofisyèl IFTA nan sitwèb <http://www.iftach.org/index.php>.

1.8.4 – Konsèvasyon Dosye pou IRP ak IFTA

Pou IRP, ou dwe konsève dosye mileyaj ki sipòte anrejistreman IRP pandan 6 ane.

Pou IFTA, ou dwe konsève dosye mileyaj ak konbistib ki sipòte deklarasyon taks IFTA sou itilizasyon konbistib chak trimès pandan 4 ane.